

## BAB I

### BUBUKA

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa Sunda mangrupa basa Indung pikeun urang Sunda, boh anu cicing di Jawa Barat boh di saluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daerah kadua panggedéna di Indonesia sabada basa Jawa.

Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daerah nu masih dipiara tur diparaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén “Di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hadé-hadé (upamana basa Jawa, sunda, Madura, jeung sajabana), éta basa-basa téh bakal diajénan jeung dipiara ogé ku nagara.” (Sudaryat spk. 2011, kc.1-2).

Basa Sunda téh mibanda kaéda-kaéda nu tangtu nu ngawengku kabeungharan kecap, fonologi, morfologi, sintaksis, undak-usuk basa Sunda jeung ejahan. Ari dina morfologi aya nu disebut warna kecap. Salasahiji ulikan kaéda basa, nyaéta kecap mibanda wangun jeung warna.

Numutkeun Sudaryat (2011, kc.64) , warna kecap mangrupa papasingan kecap dumasar kana sipay, fungsi, sarta paripolahna dina leunjeuran kalimah warna kecap dibédakeun jadi kecap lulugu jeung kecap pancén. Kecap lulugu téh ngawengku kecap barang (*nomina*), kecap pagawéan (*verba*), kecap sipay (*adjektiva*), jeung bilangan (*numeralia*). Kecap pancén ngawengku kecap panambah (*advérbia*), kecap panyambung (*konjungsi*), kecap pangantét (*préposisi*), kecap panyeluk (*interjéksi*).

Eta rupa-rupa kecap téh dipaké pikeun alat komunikasi dina basa tinulis, salah sahijina dina karya sastra. Rupa rupa warna kecap disusun sangkan jadi hiji kalimah anu ngandung harti, tina kalimah-kalimah éta dihijiekun jadi wacana anu ngandung carita.

Salah sahiji karya sastra anu kiwari keur dipikaresep ku sastrawan téh nya éta fiksimini. Fiksimini nya éta tulisan dina wangun prosa nu ditulis dina basa Sunda;

aya alur, plot, jeung tokoh-tokohna; panjangna sabisa-bisa henteu leuwih ti 150 kecap (Sutisna, dina fikminsunda.com, 2013).

Numutkeun Shohiba Nu'man (2013) mah fiksimini nyaéta meureut pangalaman, pamikiran jeung rasa pangarangna jadi hiji carita nu diadegkeun cukup ku sababaraha unggara, atawa ku sababaraha paragraf pondok bari angger nalingakeun saban paguneman, adegan, tokoh, gerak, jeung kecap-kecap.

Jadi bisa dicindekkeun yén fiksimini téh nyaéta salah sahiji karya sastra wangun prosa anu loba kecapna diwatesanan, nyaéta teu leuh ti 150 kecap.

Fiksimini nya éta salah sahiji karya sastra moderen anu can dibakukeun jadi karya sastra Sunda. Padahal ditilik tina sajarahna, fiksimini atawa *minifiction* téh geus aya ti taun 1992 (Dinda, 2013). Sanajan kitu, geus loba sastrawan anu nyieun fiksimini. Geus aya ogé fiksimini anu dimuat dina sababaraha média cetak sarta geus dibukukeun. Ku sabab fiksimini téh hal nu anyar, ku kituna can loba nu nalungtik ngeunaan hal-hal nu aya pakaitna jeung fiksimini.

Di Indonesia, fiksimini téh gumelar tina hasil mekarna média sosial di dunya téknologi. Fiksimini dina basa Indonesia mimiti gelar tina média *twitter*, sedengkeun dina basa Sunda mah mimiti gelarna téh tina média sosial *facebook*. Mekarna téknologi ogé mangaruh kana basa nu digunakeun ku masarakat, boh dina basa lisan boh dina basa tulisan, ku sabab basa téh miboga sipat babari robah. Bisa waé sanggeus munculna téknologi anyar muncul ogé istilah anyar atawa kecap anyar, rék dina kecap barang, kecap sipat, kecap bilangan atawa kecap pagawéan, nu engkéna dipaké ku masarakat sacara konvénşional. Ieu hal nunjukkeun yén basa téh miboga sipat arbitré tur konvénşional.

Hal nu kasebut di luhur mangrupa hal nu ngirut panalungtik pikeun nalungtik ngeunaan tata basa dina fiksimini basa Sunda utamana dina kecap pagawéan.

Dina ieu panalungtikan kecap pagawéan ogé jadi objék ulikan panalungtikan. Kecap pagawéan nyaéta sajumlah kecap anu nuduhkeun paripolah atawa gawé jalma jeung mahluk séjén saperti tutuwuhan jeung sasatoan (Sudaryat, 2003, kc.68).

Numutkeun Tisna Werdaya (dina Hernawan, 2009, kc.25) ‘kecap pagawéan nya éta kecap nu nuduhkeun usikna atawa kalakuanana barang, bisa dipaké ngajawab “keur naon”.

Jadi bisa dicindekkeun yén kecap pagawéan téh nya éta kecap anu nuduhkeun kalakuan atawa paripolah.

Perkara kecap pagawéan geus kungsi aya nu nalungtik, di antarana ku Monika Permanasari (2007) nu judulna “Kecap Pagawéan Pasif dina Novél Kolébat Kuwung-kuwungan Kinashih Katumbirian Karya Tatang Sumarsono (Tilikan Struktur jeung Semantis)” jeung ku Sarah Siddiqa Begum (2013) nu judulna “Kecap Pagawéan Intansitif dina Novél *Mercedes 190* Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma pikeun Bahan Pangajaran di SMA (Tilikan Struktur jeung Semantis)”. Nu dipedar dina éta panalungtikan dumasar kana tilikan struktur jeung semantis ari ieu panalungtikan dumasar kana tilikan wanda jeung wangun dina kecap pagawéan.

Ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun lantaran can kungsi aya nu nalungtik ngeunaan wanda jeung wangun kecap pagawéan dina fiksmini basa Sunda. Panalungtik milih karya fiksmini ku sabab nu nalungtik kecap pagawéan dina fiksmini sateuacanna can pernah dilaksanakeun

Panalungtikan fiksmini masih perlu dilaksanakeun. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Kecap Pagawéan dina Fiksmini Basa Sunda” dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Fiksmini téh salah sahiji karya sastra anyar anu can dibakukeun jadi salah sahiji karya sastra Sunda. Sanajan kitu, geus loba sastrawan anu nyieun ieu karya sastra téh. Geus aya ogé karya-karya fiksmini anu dimuat dina sababaraha media cetak aya ogé anu geus dibakukeun. Lantaran fiksmini téh hal nu anyar, can aya nu nalungtik hal-hal anu aya pakaitna jeung fiksmini. Ku kituna, panalungtik ngarasa kairut pikeun nalungtik fiksmini. Hal-hal anu ditalungtik diwatesanan kana

- a. kecap pagawéan nu kapanggih dina fiksimini basa Sunda nu dikirim dina *website* fikminsunda.com salila bulan Désember,
- b. wanda kecap pagawéan nu kapanggih dina fiksimini basa Sunda nu dikirim dina *website* fikminsunda.com salila bulan Désember, jeung
- c. wangun kecap pagawéan disawang tina proses morfologisna.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya saperti ieu di handap:

- a. Kecap pagawéan naon waé nu kapanggih dina fiksimini basa Sunda nu dikirim dina *website* fikminsunda.com salila bulan Désember téh?
- b. Wanda kecap pagawéan naon waé nu kapanggih dina fiksimini basa Sunda nu dikirim dina *website* fikminsunda.com salila bulan Désember téh?
- c. Kumaha wangun kecap pagawéan disawang tina proses morfologisna?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah nu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho jeung ngadeskripsikeun wanda jeung wangun kecap pagawéan anu aya dina fiksimini basa Sunda.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kecap pagawéan dina fiksimini;
- b. Wanda kecap pagawéan; jeung
- c. Wangun kecap naon waé nu kapanggih dina fiksimini basa sunda.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun kamekaran élmu basa, ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan wangun kecap pagawéan basa

Sunda, jeung méré informasi ngeunaan kecap pagawéan dina fiksimini basa Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun:

- a. Pikeun panalungtik, dina ngajembaran kaweruh panalungtik, hususna ngeunaan kecap pagawéan dina fiksimini basa Sunda;
- b. Pikeun guru mata pelajaran basa jeung sastra Sunda bisa dipaké pikeun sumber bahan ajar basa Sunda.

### 1.5 Organisasi Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, Bab I Bubuka ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung mangpaat panalungtikan. Dina bab II dipedar ngeunaan ulikan tiori, ngawengku tiori ngeunaan kecap pancén jeung fiksimini. Dina bab III dipedar ngeunaan métode panalungtikan, ngawengku subjek populasi/sampel panalungtikan, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data. Bab IV ngawengku hasil panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan dina fiksimini basa Sunda tina sumber data fiksimini nu aya dina fikminsunda.com, jeung dina bab V dipedar ngeunaan mangrupa kacindekan tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun jeung saran dimangpaatkeunana hasil panalungtikan.